

WE ARE YOUR DOL



Divizyon Asirans Chomaj

Odyans Devan

Jij Lwa Administratif nan Zafè Asirans Chomaj

Depatman Travay Eta New York [New York State Department of Labor bay enfòmasyon sa yo pou reponn kèk kesyon debaz konsènan odyans ki pral fèt devan yon Jij Lwa Administrati nan seksyon Asirans Chomaj Jij Dwa Administratif.

Pou jwenn plis enfòmasyon, li Kesyon ak Repons ki nan tiliv la Konsènan Odyans sou Avantaj Asirans Chomaj Ou (fòm TC 424.2). Depatman Travay te dwe voye li ba ou pa lapòs. Li disponib tou nan sitwèb <http://www.labor.ny.gov/formsdocs/ui/formsandpublications.shtml>.

Pou pwoteje dwa ou pandan ou nan chomaj la, ou ta dwe kontinye konfime pou avantaj yo, epitou ou ta dwe ale nan pèsòn jan nou mande ou pou fè sa. Nenpòt lèt ou resevwa ki konsène ka ou ta dwe gen ladan nimewo ka Jij Dwa Administratif a ak nimewo sekirite sosyal ou.

Kimoun Jij Dwa Administratif la ye?

Jij Dwa Administratif la se yon moun ki pran desizyon san patipri (onèt) ki bay yon jijman ki endeandan avèk Depatman Travay . Jij Dwa Administratif la ap fè odyans ou, I ap revize tout enfòmasyon ki nan ka ou avèk anpil atansyon, epitou I ap pran yon desizyon konsènan si oumenm (moun ki fè reklamasyon an) gen dwa pou resevwa benefis chomaj I.

Kijan Mwen Kapab Prepare pou Odyans lan?

Ou gen dwa pou pran yon avoka oswa yon lòt reprezantan pou reprezante ou nan odyans lan. Yon avoka ki reprezante yon moun ki fè reklamasyon an ka fè moun nan peye yon frè, ki limite dapre lalwa. Yon moun ki pa avoka epi ki reprezante yon moun ki fè reklamasyon an pa ka fè moun nan peye yon frè sof si moun ki pa avoka a se yon ajan ki anrejistre nan Komisyón Kontestasyon an (Appeal Board). Frè yo dwe peye ba reprezantan moun ki fè reklamasyon an sèlman si yon moun ki fè reklamasyon resevwa avantaj yo kòm yon rezulta yon odyans epi si Komisyón Kontestasyon an apwouve frè a. Si ou pa gen mwayen pou pran yon avoka, ou ka jwenn reprezantasyon gratis nan Legal Aid Society zòn ou oswa nan Pwogram Sèvis Legal yo. Pou yon lis resous legal, tankou avoka, reprezantan ki anrejistre, pwogram sèvis legal ak òganizasyon avoka pro, ale nan sit entènèt Komisyón Kontestasyon Asirans Chomaj la nan www.uiappeals.ny.gov. Chwazi tab "Enfòmasyon itil" epi apresa "Gid ak Resous". Chwazi "Lis Avoka yo ak Ajan Otorize yo." Ou ka mande lis sa a tou lè w rele (518) 402-0205.

Ou gen dwa pou revize tout sa ki nan dosye ou anvan odyans lan.

Si ou gen nenpòt kesyon, kontakte seksyon Jij Dwa Administratif Asirans Chomaj nan (877) 880-3322 oswa Sant Reklamasyon Telefonik Depatman Travay nan nimewo (888) 209-8124.

Kijan Jij Dwa Administratif lan?

Pral Odyans lan? Pandan odyans Jij Dwa Administratif lan pral:

- a. Identife tout moun ki prezan yo epi l ap fè yon ti prezantasyon sou pwoblèm ki konsène yo;
- b. L ap pran temwayaj tout moun sou sèman oswa afimasyon;
- c. L ap poze moun yo ak temwen yo kesyon pou li jwenn enfòmasyon ki nesesè;
- d. L ap ede moun yo nan poze kesyon temwen yo;
- e. L ap pran yon desizyon sou ki dokiman oswa temwayaj li ka aksepte nan prèv;
- f. L ap bay asiyasyon pou prezante nan tribunal pou dosye enpòtan yo epi pou moun vini nan tribunal la pou bay temwayaj;
- g. L ap pèmèt moun yo itilize dokiman ki nan dosye a nan prezantasyon ka yo.

Ki Dwa Mwen Genyen nan Odyans lan?

Pandan odyans lan, ou gen dwa pou:

- a. Bay temwayaj sou non ou;
- b. Vini avèk yon avoka oswa avèk yon lòt moun pou reprezante ou;
- c. Fè temwen yo bay temwayaj sou non ou;
- d. Bay dokiman, dosye ak lòt prèv ki nan dosye a;
- e. Mande Jij Dwa Administratif la pou bay asiyasyon pou moun vini nan tribunal la avèk dokiman yo epi pou temwen vini pou bay temwayaj sou non ou;
- f. Kesyone (oswa "poze temwen yo kesyon") moun ki kont ak temwen opoze yo;
- g. Mande Jij Dwa Administratif pou ede ou si ou gen pwoblèm pou poze kesyon;
- h. Refize reponn nenpòt kesyon ou pa konprann;
- i. Eksplike oswa refize nenpòt prèv ki kont ou;
- j. Mande yon dèle (oswa "ranvwa") nan yon lòt dat pou yon rezon valab;
- k. Fè yon deklarasyon nan fen odyans lan pou eksplike pou kisa ou gen dwa pou resevwa avantaj Asirans Chomaj oswa pou eksplike pwen yo pa t endike oswa eklèsi pandan odyans lan.

Kisa k ap Pase Apre Odyans lan?

Apre odyans lan, Jij Dwa Administratif ap bay Desizyon ak Avi pou Desizyon pou fè ou konnen si ou gen dwa oswa gen dwa pou avantaj Asirans Chomaj. L ap poste desizyon an ba ou san pèdi tan apre odyans lan.

Nan Desizyon ak Avi pou Desizyon an, Jij Dwa Administratif ap endike enfòmasyon li te jwenn nan prèv yo, rezon pou rezulta a, ak desizyon an sèlman.

Enfòmasyon ki nan Desizyon ak Avi pou Desizyon ap eksplike ou tou fason pou fè yon kontestasyon kont desizyon an devan Komisyun Kontestasyon an si ou pa dakò avèk desizyon Jij Dwa Administratif .

Si ou pa kapab konprann desizyon Jij Dwa Administratif , ou ka rele Sant Reklamasyon Telefonik Depatman Travay la pou mande li pou li ba ou eksplikasyon.

Si Jij Dwa Administratif la oswa Komisyun Kontestasyon an detèmine ou resevwa avantaj anplis, ou ka gen pou remèt avantaj yo.

